



FLORIDA ATLANTIC UNIVERSITY SCHOOLS

A.D. Henderson University School

PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI YO (PFEP) POU LANE 2018-2019

Mwen, Sherry Bees, sètifye nan dokiman sa ke tout fè (reyalite), imaj ak reprezantasyon ki fè pati plan sa, yo tout vrè, kòrèk e koyeran avèk bilan asirans yo. Anplis, tout lwa, regleman ak pwosedi ki aplikab yo; egzijans administratif ak sa ki pwograme yo; nou pral mete an aplikasyon pwosedi pou kontwòl fiskal ak antretyen dosye yo pou asire bon jan responsabilite pou depans lajan pwogram PFEP a. N ap mete disponib tout dosye ki nesèsè pou pwouve egzijans sa yo pandan senk (5) lane pou piti pou pèsònèl Distri, Eta oswa Federal la ka analize yo. Anplis, mwen sètifye ke nou dwe fè tout depans yo nan dat oswa apre dat ki an vigè a epi anvan dat ki pou mete fen nan plan an. Nou pral bay rapò sou dekèsman lajan yo sèlman jan sa apwopriye ak pwojè sa epi yo pa pral itilize pou finansman konplèmantè sou pwojè sa oswa nenpòt lòt pwojè espesyal la, si sa entèdi.

Asirans

- Se definisyon legal angajman paran ak fanmi yo ki pral gide lekòl la epi ki pral reyalize pwogram, aktivite ak entèvansyon ki konfòm ak definisyon ki prezante nan seksyon 8101, ESEA;
- Enplike paran ak fanmi timoun yo ki sèvi nan Tit I an, Pati A a nan desizyon sou kijan lajan Tit I, Pati A ki rezève pou angajman paran ak fanmi yo te depanse [Seksyon 1116(a)(3)(b)];
- Prepare/revize ansanm ak paran PFEP nan lekòl la, distribye bay paran timoun k ap patisipe yo epi mete li disponib pou kominote lokal la [Seksyon 1116 (b)(1)];
- Enplike paran ak fanmi yo, yon fason ki òganize, kontini e nan yon tan konvnan, nan planifikasyon, revizyon ak amelyorasyon pwogram yo dapre pati sa, sa gen ladann planifikasyon, revizyon ak amelyorasyon PFEP a epi preparasyon kolektif plan pwogram tout lekòl la dapre seksyon 1116(c)(3);
- Itilize rezilta revizyon PFEP a pou konsewa estrateji pou pèmèt pi bon jan angajman paran ak fanmi yo e pou revize, si nesèsè, PFEP lekòl la [Seksyon 1116(a)(E)];
- Si plan pou Tit I an, Pati A a, ki prepare dapre Seksyon 1112 la pa rive satisfè paran ak fanmi timoun k ap patisipe yo, lekòl la pral soumèt kòmmanchè paran ak fanmi yo lòske lekòl la ap soumèt plan an bay Ajans Edikasyon Lokal la (Local Educational Agency, LEA) [Seksyon 1116(b)(4)];
- Bay chak fanmi yon rapò endividyèl sou elèv la konsènan pèfòmans timoun yo a nan evalyasyon eta a [Seksyon 1112(e)(1)(B)(i)];
- Enfòmè chak paran nan yon tan ki konvnan lòske yon pwofesè ki pa reponn ak egzijans pou sètifikasyon oswa lisans eta a te asiye oswa t ap aprann timoun ou an pandan 4 semèn youn dèyè lòt oswa plis pase sa pou nivo ak matyè yo te asiye pwofesè sa [Seksyon 1112(e)(1)(B)(i)]; ak
- Enfòmè chak paran nan yon tan ki konvnan konsènan dwa yo pou mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak pwofesè asistan elèv yo a [Seksyon 1112 (e)(1)(A)].

Siyati Direktè a

Dat li siyen

Deklarasyon misyon angajman paran ak fanmi yo

Florida Atlantic University Schools (FAUS) rekonèt kontribisyon enpòtan paran yo genyen nan edikasyon elèv yo. Nou pral akeyi chak opòtinite ki enplike paran nou yo nan pwosesis pran desizyon an. Nou mete tèt nou nan pozisyon pou rann nou bon jan patnè paran elèv nou yo. FAUS pral fasilite yon travay an ekip ki fonksyonèl e gide ki enplike paran,

pwofesè, administratè, pèsonèl ak pwofesè asistan yo pou ankouraje byennèt elèv yo ak kominote lekòl la. Nou pral bay tout elèv yo opòtinite pou rive atenn tout kapasite yo atravè itilizasyon rechèch, devlopman travay ki mande efò e ki pètinan, etablisman lekòl, kay ak patnè nan kominote a. Nou te prepare PFEP lekòl nou an ansanm ak paran yo e yo antann yo sou li.

Patisipasyon paran/fanmi yo

Dekri kijan lekòl la enplike paran/fanmi yo nan yon fason ki òganize, kontini e nan yon tan konvnan, nan planifikasyon, revizyon ak amelyorasyon pwogram Tit I yo ki gen ladann enplikasyon nan pran desizyon sou kijan lajan pou Tit I an pral itilize [ESEA Seksyon 1116].

Se komite Konsiltatif Lekòl la (SAB) ki pral kowòdone aktivite desizyon pataje yo, rankont anyèl paran Tit I, rankont paran yo, fòmasyon paran yo ak rankont PTO yo.

SAB la gen 10 manm eli ladann (5 ladan yo se paran yo ye), plis gen 5 ki se manm yo deziyen epi 2 lòt manm. Eleksyon ak nominasyon yo fèt jan lalwa mande sa.

Kowòdinasyon ak entegrasyon avèk lòt pwogram federal yo

Dekri kijan lekòl la pral kowòdone ak entegre pwogram ak aktivite angajman paran ak fanmi yo avèk lòt pwogram yo. Eksplike kijan aktivite sa yo pral aprann paran yo kijan pou ede timoun yo lakay yo [ESEA Seksyon 1116].

Pwogram	Kowòdinasyon
Patisipasyon fanmi nan aktivite ak evènman lannuit	Manm Òganizasyon Paran-Pwofesè ki pa gen objektif fè lajan an pral òganize chak trimès pwogram patisipasyon fanmi nan aktivite lannuit yo pou pèmèt paran ak timoun yo gen opòtinite pou entèraji nan yon anviwònman akademik ki amizan e san danje.
Ekspozisyon liv	Manm Òganizasyon Paran-Pwofesè ki pa gen objektif fè lajan an pral òganize ekspozisyon liv pou pèmèt paran ak timoun yo gen opòtinite pou achte liv ki anrichisan nan nivo akademik pou fanmi an ka li ak entèraji.
Sware pòt louvri/kourikoulòm	Administratè ak pwofesè yo pral mennen yon jounen/sware pòt louvri/oryantasyon paran pou bay paran yo metòd espesifik sou klas la pou yo ka bay sipò a timoun yo, ankouraje reyisit akademik epi edike yo konsènan estanda Florid yo.
Rankontre ak pwofesè a (Meet the Teacher)	Anvan premye jou lekòl la rive, nou envite paran yo ak elèv yo vin rankontre ak pwofesè timoun yo a e jwenn yon lide jeneral sou klas la epi diskite fason pou bay sipò ak timoun ou yo.
Espas Paran nan Rankontre ak Pwofesè a	Nou envite paran yo vini nan espas paran an apre vizit nan klas la pou ka rankontre ak Direktè a, PTO ak manadjè manje midi a pou jwenn enfòmasyon sou pwogram/sèvis yo ak achte inifòm, plan pou manje midi, pwogram suivi (aftercare), etc.
Oryantasyon pou klas K, 1ye - 8yèm ak 9yèm ane.	Administratè yo ak pwofesè yo prezante enfòmasyon sou kourikoulòm nan ansanm ak règleman ak pwosedi ki gen pou wè ak antre nan nouvo lekòl la ak pwogram timoun yo a pral patisipe.
Jounen pòt louvri pou lekòl entèmedyè klas 6yèm rive 8yèm ane.	Administratè yo ak kò pwofesè a prezante enfòmasyon sou kourikoulòm nan ansanm ak règleman ak pwosedi ki gen pou wè ak klas 6yèm rive 8yèm ane.
Lwa pou Moun ki gen Andikap (IDEA)	Kowòdonatè ESE a pral bay paran yo enfòmasyon konsènan lòt sipò sou ansèyman pandan preparasyon IEP elèv la.
Konvèzasyon ak paran kote gen kafe ki sèvi	Direktè prensipal la pral reyalize yon fowòm louvri chak trimès pou paran yo pou poze kesyon sou yon bann sijè ki gen ladann kourikoulòm, inisyativ nan lekòl la, sekirite ak lòt.
Sware teknoloji pou paran	Nou envite paran yo pou aprann tout fason nou itilize teknoloji nan lekòl la ak jan pou konekte ak lekòl la ak klas yo atravè plizyè platfòm yo.

Ekspozisyon klèb apre lekòl	Nou envite paran yo pou aprann sout tout lòt opòtinite ki andeyò kourikoulòm nan ki disponib atravè ekspozisyon klèb apre lekòl la.
-----------------------------	---

Rankont anyèl paran

- Bay yon deskripsyon tou kout sou sa ki anba yo:**
- **Ansanm demach espesifik lekòl ou a pral antreprann pou dirije rankont anyèl Tit I an pou ka enfòmè paran ak fanmi yo sou patisipasyon timoun yo nan pwogram Tit I lekòl la.**
 - **Ki jan de pwogram Tit I ki pataje avèk paran yo (nan tout lekòl la oswa èd ki sible)**
 - **Kijan lekòl la, nan rankont anyèl la, pral enfòmè paran yo sou done konsènan pèfòmans lekòl la ak dwa paran yo.**
 - Planifye rankont yo an kolaborasyon ak PTO
 - Afiche sou rezo sosyal/sit entènèt
 - Envite paran yo atravè Blackboard Connect la avèk feyè epi tout lyen prezantasyon an ladann
 - Fè pwomosyon pou sit entènèt PTO a
 - Fè pwomosyon nan bilten nouvèl mansyèl la
 - Afiche dat rankont la nan kalandriye aktivite lekòl la
 - Voye rapèl bay paran yo atravè Blackboard Connect la chak semèn anvan reyinyon an
 - Ranmase fèy prezans/pwogram nan
 - Dirije rankont anyèl paran an ki gen ladann: Dwa pou konnen, PFEP, SIP, depans Antant ak Tit I an
 - Mete prezantasyon an disponib sou entènèt

Rankont fleksib ak paran

- Dekri kijan lekòl la pral:**
- **Ofri yon seri rankont fleksib tankou rankont nan maten oswa nan aswè,**
 - **Bay, ak lajan Tit I an, transpò, gad timoun oswa vizit lakay piske sèvis sa yo lye ak angajman paran ak fanmi yo [ESEA Seksyon 1116].**

Nou pral ofri rankont fleksib yo nan altènè jou ak lè pou aktivite paran yo koumanse, nan planifye rankont pandan lekòl la, rankont apre lè lekòl epi fè vizit lakay lè sa nesèsè. Pa egzanp, (1) rankont/atelye enfòmatif pou paran elèv 9yèm ane yo ka fèt apati 8:30 a.m. rive 9:30 a.m. epitou nan aswè apati 6:00 rive 7:00 p.m. (2) Administrasyon, konseye ak pèsonèl nan resepsyon an gen orè fleksib pou yo ka planifye vizit lakay yo oswa konferans yo nan yon lè ki pi konvnan pou paran an. (3) Nou bay gad timoun pandan aktivite lannuit yo pou paran yo kapab rankontre ak pwofesè yo epi patisipe.

Ranfòse kapasite

Dekri kijan lekòl la pral:

- Reyalize aktivite ki pral ranfòse kapasite pou jwenn bon jan angajman paran/fanmi yo
- Reyalize aktivite ki bati relasyon nou gen avèk kominote a pou amelyore reyisit elèv nou yo
- Bay materyèl ak fòmasyon ki ede paran/fanmi yo travay ak timoun yo.
- Bay lòt materyèl rezonab pou sipòte aktivite angajman paran/fanmi yo [ESEA Section 1116].

Aktivite	Materyèl nou bay	Moun ki responsab	Delè	Prèy sou pèfòmans
Rankont PTO yo	Enfòmasyon jeneral Konferansye envite Enfòmasyon Tit I Opòtinite pou benevola Pwen fò lekòl la	PTO	Chak trimès pandan ane a	Fèy prezans, ajanda, feyè, ankèt pou paran
Oryantasyon nouvo elèv/paran yo pou: Kindègadenn 1ye ane - 8yèm ane 9yèm ane	Enfòmasyon jeneral Vizit Enfòmasyon Tit I Pwen fò lekòl la	Administrasyon ak ekip k ap dirije a	Out ak me - chak ane	Fèy prezans, ajanda, feyè, ankèt pou paran
Rankont lannuit paran chak ane Tit I	Bidjè Tit I SIP PFEP Antant Tit IX Dwa pou konnen	Administrasyon	Septanm oswa bonè nan mwa oktòb chak ane	Fèy prezans, prezantasyon, ajanda, ankèt pou paran
Ekspozisyon lannuit sou syans	Pwen esansyèl travay elèv yo	Depatman syans	1ye trimès chak ane	Fèy prezans, ankèt pou paran
Rankontre ak pwofesè a/oryantasyon paran	Enfòmasyon sou re-ouvèti lekòl la	Pwofesè K-9 yo	Out - chak ane	Fèy prezans, ankèt pou paran
Sware pòt louvri/kourikoulòm	Enfòmasyon sou estadanda yo ak kourikoulòm nan	Administrasyon Pwofesè K-8 yo	Out rive septanm - chak ane	Fèy prezans, prezantasyon, feyè, ajanda, ankèt pou paran
Rankont Komite Konsiltatif Lekòl la (SAB)	Apwobasyon ak revizyon regleman ki mete ajou yo epi lòt inisyativ lekòl la Opòtinite pou kontribisyon paran	Prezidan SAB ak manm SAB yo	Chak Mwa	Fèy prezans, ajanda, ankèt pou paran
Sitwayènte dijital ak fòmasyon teknolojik pou paran	Zouti dijital pou sipòte aprantisaj elèv yo lakay Zouti kominikasyon	Pwofesè lidè yo	Yon fwa pa ane pandan ivè a	Fèy prezans, ajanda, ankèt pou paran

	pou paran ak pwofesè yo			
Konvèsasyon ak paran kote gen kafe ki sèvi	Enfòmasyon jeneral Enfòmasyon Tit I Kourikoulòm ak estanda yo Inisyativ lekòl la	Antèt/Direktè	Chak trimès	Padlet avèk kesyon ak fidbak, notifikasyon sou tablo (blackboard), fèy prezans, repons bilten nouvèl kominotè

Fòmasyon pèsonèl la

Dekri aktivite fòmasyon pwofesyonèl lekòl la pral bay pou edike pwofesè yo, pèsonèl sipò ki la pou ansèyman espesyalize, direktè yo ak lòt lidè nan lekòl la ansanm ak lòt ekip avèk èd paran/fanmi yo nan:

- Valè kontribisyon yo;
- Kijan pou rive jwenn, kominike e travay avèk paran ak fanmi yo tankou patnè ki egal; epi
- Kijan pou reyalize ak kowòdone pwogram paran/fanmi yo epi bati lyen ant paran/fanmi yo avèk lekòl la [ESEA Seksyon 1116].

Aktivite	Moun ki responsab	Domèn enterè	Delè	Prèy sou pèfòmans
Prezantasyon pwofesè Tit I	Administrasyon	Resous Tit I/Tit IX pou paran ak fanmi yo	Septanm - chak ane	Fèy prezans, prezantasyon, feyè, ajanda, ankèt pou pèsonèl la
Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl (PLC)	Fasilitatè ansèyman ak lidè PLC yo	Fòmasyon pwofesyonèl yo fèt pou ka ogmante reyisit elèv yo e pi byen reponn ak bezwen elèv yo	Chak Mwa	Fèy prezans, prezantasyon, feyè, ajanda, ankèt pou pèsonèl la, dosye dijital
Jou Fòmasyon Pwofesyonèl yo	Administrasyon an ak pwofesè lidè yo	Kominikasyon ak kolaborasyon paran yo, pataj done elèv yo ak paran yo	Chak Mwa	Fèy prezans, prezantasyon, feyè, ajanda, ankèt pou pèsonèl la

Lòt aktivite

Dekri lòt aktivite tankou sant resous pou paran ke lekòl la pral reyalize pou ka ankouraje ak sipòte paran/fanmi yo yon fason ki pi byen angaje yo nan edikasyon timoun yo [ESEA Seksyon 1116].

Pèsonèl la pral kontakte paran yo lè sa nesèsè, lè pwofesè yo rekòmande sa, konsènan sèvis sipò yo ka bezwen epi pèsonèl la ka vizite paran lakay yo lè sa nesèsè. Gen yon Sant Resous pou Paran ki disponib pou bay mwayen a paran yo pou ka ede yo avèk reyisit akademik timoun yo a. Lè nou pral itilize Sant Resous pou Paran an w ap gen pou siyen yon fèy prezans. Pou vizit lakay yo, ap gen yon rejis pou vizit lakay pou ranpli kòm dokiman.

Kominikasyon

Dekri kijan lekòl la pral bay paran elèv k ap patisipe yo sa ki dekri anba yo:

- Enfòmasyon nan yon tan konvnan konsènan pwogram ak aktivite Tit I an;
- Dekri ak eksplike kourikoulòm lekòl la, fòm pou evalyasyon akademik ki itilize pou evalye pwogrè elèv yo epi nivo metriz y ap atann pou elèv yo atenn;

- **Si paran yo mande sa, n ap bay opòtinite nan rankont nòminal yo pou paran bay sijesyon yo e patisipe, jan sa nesèsè, nan desizyon ki gen pou wè ak edikasyon timoun yo [ESEA Seksyon 1116].**

Lekòl la pral voye bay paran yo bilten nouvèl mansyèl paran yo, kominikasyon chak semèn pwofesè yo, rankont komite konsiltatif lekòl la chak mwa, rankont paran yo (jan sa pwogram a), afich sou gwo pankat la, dat ki vin ajoute nan kalandriye lekòl la, nòt ke nou ajoute sou sistèm Focus la (chak de semèn), rezo sosyal (mete ajou regilyèman), mesaj pa imèl chak semèn atravè Blackboard Connect la epi sit entènèt lekòl la.

Aksè

Dekri kijan lekòl la pral:

- **Bay pil opòtinite a tout paran ak fanmi yo pou patisipe nan aktivite angajman paran/fanmi yo,**
- **Pataje enfòmasyon ki gen pou wè ak lekòl la, pwogram paran/fanmi yo, rankont yo, rapò lekòl la ak lòt aktivite nan yon fòm ki konpreyansib, inifòm epi nan lang ke paran/fanmi yo kapab konprann.**

Nou pral bay kominikasyon alekri nan lang angle, espayòl, pòtigè ak kreyòl nenpòt lè sa posib. N ap mete enfòmasyon paran yo disponib lòske paran yo rankontre pou patisipe nan rankont IEP yo (elèv ESE yo) ak rankont paran ELL yo. Rankont akademik paran yo pral pwogram avèk pwofesè, administrasyon ak konseye oryantasyon yo jan sa nesèsè. Nou pral mande paran yo pou siyen yon akize resepsyon pou dokiman yo te resevwa nan rankont yo oswa lè nou voye enfòmasyon yo lakay paran yo tankou rapò pwogrè yo, done evalyasyon oswa lèt pou kontwole pwogrè. Anplis, n ap envite paran yo nan plizyè rankont (sa vle di, rankont anyèl Tit I an) atravè imèl chak semèn sou Blackboard Connect la ak anons ke nou voye lakay atravè sit entènèt pèsònèl la oswa bilten nouvèl yo.

Aktivite ki pa obligatwa (opsyonèl)

Dekri nenpòt aktivite ki pa obligatwa men ki ap peye atravè Tit I an, lajan Pati A a (pa egzansp, vizit lakay, transpò pou rankont yo, aktivite ki gen pou wè ak angajman paran/fanmi yo, etc.)

Obstak

Bay yon deskripsyon:

- **Obstak ki anpeche patisipasyon paran yo pandan ane lekòl anvan an**
- **Demach lekòl la pral antreprann pandan ane lekòl k ap vini an pou simonte obstak yo (nan pote bon jan atansyon bay paran/fanmi ki gen andikap yo, ki pa pale angle byen ak paran/fanmi ki gen timoun ki transfere) [ESEA Seksyon 1116].**

Obstak (sa gen ladann sou-gwoup espesifik la)

Demach lekòl la pral antreprann pou simonte sa

Demann difisil sou disponibilite paran yo

Bay lè ki fleksib pou rankont yo ak gad timoun

Kote pou pakin ki pa sifi

Planifye rankont yo pou pèmèt gen plis pakin disponib lè sa posib